



ku takk ab téere bokkaale na

Jële nañu ci Huqbata ibn Aamir Al-Juhanii-yaal na ko Yàlla dollee gërëm-mu wax ne: Yonnente Yàlla bi-yaal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-am mbooloo dañoo ñëw ci moom,mu jaayante ak juróom-ñent ñi bàyyi kenn ki,nu ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, jaayante nga ak juróom-ñent daal di bàyyi kii? Mu ne:"ab téere la takk",mu dugal loxoom dagg ko,daal di jaayante ak moom,daal di wax ne: "ku takk ab téere bokkaale na".

[Tane na] [Ahmat soloo na ko]

Am mbooloo dañoo ñëw ci Yonnente bi -yaal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, seenub lim nekkoon fukk,mu jaayante ak juróom-ñent ci ñoom ci Lislamm ak topp, te jaayantewul ak fukkeel bi,ba ñu ko laajee lu tax loolu Yonnente bi-yaal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di wax ne: Dafa takk ab boggal, te loolu mooy li ñuy fas walla di ko takk ci ay xor ak leneen ngir jeñ bët walla lor. Waa ji dugal loxoom ca barabu boggal ba daal di koy dagg daal di set ci moom,ci loolu Yonnente bi jaayante ak moom,daal di wax di moytondikuloo ay boggal di leeral ab àtteem: "ku takk boggal bokkaale na".

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6762>

